

Pou Piblikasyon Imedya: 06/06/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON ENSTALSYON
FABRIKASYON MODÈN 22 MILYON DOLA IEC ELECTRONICS CORPORATION
LAN NAN KONTE WAYNE**

***Konpayi Solisyon Fabrikasyon Elektwonik lan pral Konstwi yon Nouvo
Enstalasyon ki Mezire 150,000 pye kare; pwomèt pou kreye plis
Pase 360 Nouvo Djòb***

***Investisman Eta a ap Konpleman Inisyativ "Finger Lakes Forward" lan – ki se
Estrateji Global Rejyon an pou Revitalize Kominote yo ak Devlope Ekonomi an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse kòmansman konstriksyon nouvo enstalasyon modèn IEC Electronics Corporation lan nan Newark, Konte Wayne. Founisè solisyon fabrikasyon elektwonik la gen plan pou l kreye jiska 362 nouvo djòb epi retni 463 pozisyon travay nan nouvo enstalasyon ki mezire 150,000 pye kare ki sitiye nan Pak Teknoloji Silver Hill la. IEC te deja ajoute 175 djòb nan enstalasyon aktyèl li an nan Newark nan 18 dènye mwa yo. Konpayi an te konsidere demenaje soti nan Eta New York la, men yo te chwazi rete nan rejyon an avèk sipò yo te resevwa nan men Gouvènè a ak Empire State Development. IEC gen plan pou yo demenaje ale epi kòmanse operasyon nan nouvo enstalasyon an nan kòmansman ane 2020 an.

"New York angaje l pou l travay ak biznis ki etabli ak inovan pandan y ap agrandi ak devlope pou asire djòb estab ki byen peye yo rete nan kominote Rejyon Nò nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou envesti nan IEC Electronics, n ap ede antrepriz kominote a siksè ki la depi lontan sa a evolye, sa ki mennen a kreyasyon plizyè santèn djòb bon kalite ki pral kontinye fè rejyon Finger Lakes lan avanse."

"Nouvo enstalasyon fabrikasyon sa a avanse kwasans endistri teknolojik nan Finger Lakes lan", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Enstalasyon IEC Electronics lan pral kreye ak konsève plizyè santèn bon djòb nan Konte Wayne epi elaji anprent konpayi an k ap ofri solisyon pwodiksyon elektwonik. Nou angaje n pou n kontinye envesti nan konpayi a siksè tankou IEC pou kreye plis opòtinite ak ranfòse ekonomi rejyon an."

Pandan 50 ane, IEC Electronics te bay konpayi lidè nan endistri yo ki nan sektè medikal, endistriyèl, ayewonotik, ak defans yo solisyon. Konpayi an se yon founisè sèvis kontra fabrikasyon elektwonik tankou asanblaj pou kat sikwi enprime, asanblaj kab ak feso kabla, ak pwodwi metalijik presizyon pou pwodwi ki sove lavi ak pwodwi ki enpòtan pou misyon yo. Yo espesyalize nan bay solisyon teknik pou fabrikasyon sistèm asanblaj konplè pèsonalize konplèks ki gen sipò enjeniri avanse ak sèvis laboratwa modèn depwent, ki gen ladan rediksyon risk ki gen rapò ak deteksyon eleman falsifye yo.

Empire State Development ap ofri jiska 2 milyon dola atravè yon Sibvansyon Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò (Upstate Revitalization Initiative) Finger Lakes Forward la ak jiska 3 milyon dola atravè Pwogram Travay Eksèlsyò a (Excelsior Jobs Program) an echanj pou angajman IEC pran pou kreye djòb yo.

Konpayi Rochester Gas & Electric (RG&E) ak New York State Electric and Gas Corporation (NYSEG) te ofri jiska 670,000 dola kòm asistans pou pwojè a. Konte Wayne te ofri tou prim ankourajman tou pou inisyativ la epi Greater Rochester Enterprise (GRE) te jwe yon wòl enstrimantal nan efò pou ede konpayi an rete nan rejyon Finger Lakes la. Depans total pwojè demenajman an ap koute apeprè 22 milyon dola.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development la Howard Zensky te deklare, "Desizyon IEC Electronics pran pou yo agrandi nan Konte Wayne lan, olye yo te al inovè yon lòt kote, reflekte alafwa fòs rejyon an ak angajman estratejik Eta New York pran pou ankouraje yon anvwonman ki favorab a biznis k ap lakoz kreyasyon ak prezèvasyon djòb".

Prezidan ak Direktè Ekzekitif Jeneral IEC Electronics lan, Jeffrey T. Schlarbaum te deklare, "IEC te gen yon prezans depi lontan nan zòn Rochester an epi nou eksite pou opòtinite sa a pou etabli yon nouvo syèj sosyal, pou n kontinye devlope antrepriz nou an nan yon enstalasyon fabrikasyon ki konsevwa sou mezi, modèn pandan n ap rete nan gwo kominote sa a. Nou te konstwi repitasyon nou kòm yon founisè sèvis fabrikasyon elektwonik premye klas pou pwodwi ki sove lavi ak ki vital pou misyon. Nou ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo ak Empire State Development pou sipò ak asistans, k ap pèmèt nou reyenvesti nan Rejyon Nò New York la epi kontinye istwa long ak reyisi IEC a kòm yon konpayi ki baze nan Newark".

Prezidan Community College, Anne Kress ansanm ak Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Chanm Komès Rejyon Metwopolitèn Rochester a (Greater Rochester Chamber of Commerce), Bob Duffy, ki se de Koprezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal pou Finger Lakes la (Finger Lakes Regional Economic Development Council) te deklare, "Nou remèsye Gouvènè Cuomo pou efò kontini li yo ki konsantre sou estimile ekonomi Rejyon Nò an. Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Finger Lakes Forward ap fè ekzakteman sa li te konsevwa pou l te fè - ede konpayi ki byen etabli tankou IEC Electronics pandan l ap kontinye devlope, pou asire li rete yon pati entegral nan fiti ekonomik rejyon nou an".

Manm Kongrè John Katko te di, "IEC Electronics se yon kontribitè majè nan ekonomi Konte Wayne, ki ofri plizyè santèn djòb bon kalite epi kreye ekselan pwodwi ki distribye nan tout monn lan. Mwen fyè pou m gen IEC Electronics syeje nan kominote nou an epi mwen te eksite jodi a pou m fè pati kòmansman konstriksyon an jodi a nan nouvo enstalasyon fabrikasyon konpayi an ak syèj sosyal li".

Senatè Pamela Helming te deklare, "Kwasans ak siksè kontini IEC Electronics nan Vilaj Newark ak Konte Wayne rete eksitan pou tout rezidan yo ak antrepriz nan rejyon Wayne-Finger Lakes lan. Sa vle di djòb lokal pou moun lokal, epi li asire kominote nou yo ka kontinye pwospere epi ekonomi lokal nou an ka grandi. Konstriksyon you nouvo

enstalasyon modèn voye yon mesaj solid ki di fabrikan yo ka reyisi nan rejyon nou an. Mwen remèsye Prezidan Jeffrey Schlarbaum ak IEC Electronics pou angajman yo nan Konte Wayne, epi mwen aplodi Empire State Development, Rochester Gas & Electric, Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Wayne (Wayne County Industrial Development Agency), ak lòt patisipan yo pou investisman yo nan pwojè ekstraòdinè sa a. Kòm yon Senatè Eta, m pral kontinye travay pou asire fabrikan tankou IEC Electronics ak lòt konpayi ka vin fè biznis ak devlope djòb nan rejyon nou an ak nan eta nou an".

Manm Asanble Brian Manktelow te deklare, "Nouvo enstalsyon modèn 22 milyon dola sa a nan Pak Teknoloji Silver Hill pral pèmèt IEC Electronics pou l kontinye rete youn nan prensipal fabrikan nan Konte Wayne. Y ap konsevwa nouvo bildin lan apati de zewo, pou rann li ekstrèmman efikas ak prepare pou ekspansyon fiti ak ajoute travay nan endistri teknoloji avanse sa a. Mwen felisite IEC pou angajman li nan Newark ki dire pou prèske 50 ane".

Majistra Newark la, Jonathan Taylor, te deklare, "Li sanble li apwopriye nan ane n ap fete 200 ane depi fondasyon kominote nou an, yon konpayi tankou IEC ki te vin tounen yon potomitan pou Vilaj Newark ak zòn avwazinant lan, ap kòmanse konstriksyon nouvo enstalasyon modèn sa a. Dezi IEC pou l rete isit la pral gen yon efè pwofon sou tout rejyon an".

Direktè Egzekitif Jeneral Ajans Devlopman Endistriyèl Konte Wayne lan, Brian Pincelli, te di klare "Nou pat ka plis fyè pou IEC Electronics ak angajman yo nan Konte Wayne ak Vilaj Newark. IEC Electronics se yon anplwayè siyifikatif nan Konte an epi angajman yo pou yo rete ak grandi nan kominote nou an se yon gwo viktwa pou ekonomi nou an. Mèsi a patnè yo ki enkli Eta New York, NYSEG/RG&E, GRE, Vilaj Newark, ak Capstone Development. Felisitasyon a Jeff ansanm ak tout ekip IEC an pou siksè kontini yo".

Direktè Devlopman Ekonomik nan RG&E ak NYSEG, Joe Rizzo te deklare, "RG&E ak NYSEG kontan pou yo patisipe nan yon efò kolaboratif avèk patnè nou yo nan kominote a ak IEC Electronics, pou nou ede rann pwojè sa vin yon reyalyte. Desizyon IEC Electronics pou l fè investisman modèn sa a ak pote nouvo djòb nan Konte Wayne kontinye ranfòse rejyon Finger Lakes lan kòm yon lidè nan inovasyon. RG&E ak NYSEG rete angaje pou ofri yon kantite pwogram devlopman ekonomik ki pa sèlman sipòte yon ekonomi ki solid ak sen, men tou lanse efò kontini pou fè kominote nou yo vini lokal atiran pou fanmi viv, travay ak amize yo. Nou felisite IEC Electronics epi nou swete konpayi an kontinye jwenn anpil siksè".

Prezidan ak Direktè Ekzekitif Jeneral Greater Rochester Enterprise la, Matt Hurlbutt, te deklare, "GRE te konekte lidè IEC Electronics ak resous lokal pou sipòte objektif komèsyal lontèm konpayi an. Ansanm ak patnè devlopman ekonomik nou yo, nou te konswi yon ka konvenkan poukisa IEC Electronics ta dwe elaji prezans li nan Greater Rochester, NY nan rejyon Konte Wayne".

Viasat, Inc te rekonèt IEC Electronics kòm Distribitè Delane an 2017 epi Harris Corporation te akòde yo Prim Ekselans pou Distribitè a an 2015. W ap jwenn plis enfòmasyon sou IEC Electronics disponib [isit la](#).

Akselerasyon pwogram Finger Lakes Forward

Anons jodi a ap konplemanje pwogram "Finger Lakes Forward" la, ki se plan direktè global rejyon an pou jenerè kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Eta a te deja envesti plis pase 6.1 milya dola nan rejyon an depi ane 2012 pou tabli fondasyon pou plan an – lè li envesti nan endistri kle yo ki gen ladan yo endistri fotonik, agrikilti ak pwodiksyon pwodwi alimantè, ansanm ak manifakti avanse. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li depi anvan Gwo Resesyon an; taks revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Rochester, Batavia ak Canandaigua kòm destinasyon pou devlope epi envesti.

Kounye a, rejyon an ap akselere ak pwogram "Finger Lakes Forward" la ak yon investisman 500 milyon dola. Eta a te fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola eta a ap ensite biznis prive yo envesti plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan yo soumèt li a, gen pwojè pou plis pase 8,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)